



Pou Piblikasyon Imedya: 24/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONSTRIKSYON KI AP FÈT NAN DEVLOPMAN  
LOJMAN BON MACHE KI KOUTE 6 MILYON DOLA POU SÈVI JÈN AK FANMI KI  
AP FÈ FAS AK PWOBLÈM SANZABRI YO**

***North Pearl Street Apartments ap ajoute 20 nouvo inite lojman bon mache  
pèmanan nan Albany***

***Pwojè a ap sèvi jèn ak fanmi yo ki ap souffri anba Sante Mantal; pwoblèm  
toksikomani yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke konstriksyon ap fèt nan North Pearl Street Apartments (Apatman Ri North Pearl) yo, yon pwojè ki koute 6 milyon dola ke Sant pou Timoun St. Catherine (St. Catherine's Center for Children) te devlope ki pral bay 20 inite lojman bon mache pou jèn ak fanmi yo ki ap eksperimante pwoblèm sanzabri nan vil Albany. Yo finanse li atravè Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program) Eta a, devlopman an pral ofri lojman pèman ak sèvis bon mache pou jèn ak fanmi kote chèf fanmi an te dyagnostike ak yon maladi mantal grav oswa pwoblèm toksikomani.

"Nou deja pran yon angajman san parèy pou abòde lojman ak pwoblèm sanzabri atravè Eta nou an, gen ladan kreye plizyè milye inite lojman abòdab ak bon mache pou Nouyòkè yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwojè tankou North Pearl Street Apartments yo adrese alafwa bezwenabri ak bezwen sipò pou sila yo ki ap eksperimante pwoblèm sanzabri epi yo nan premye plan efò nou yo pou asire tout Nouyòkè yo gen yon kote ki an sekirite, ki estab pou yo viv."

"Kounye a plis pase jamè, li enpòtan ke nou kontinye finanse devlopman ak pwogram yo ki ap ede retire moun nan povrete ak bay diyite ak sekirite nan yon bon fwaye", **Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, te deklare.** "The North Pearl Street Apartments, nan konstriksyon aktyèlman nan Albany, pral bay 20 inite lojman bon mache pou jèn ak fanmi yo, epi Sant pou Timoun St. Catherine pral ede bay rezidan yo pwogram enpòtan yo - gen ladan sante mantal ak tretman pou toksikomani, fòmasyon nitrisyonèl, ak devlopman mendèv. Sa fè pati plan lojman pou senk ane, ki koute 20 milya dola pou konbat pwoblèm sanzabri a, amelyore kalite lavi pou tout Nouyòkè yo, ak rebati pi byen ak pi enklizif."

The North Pearl Street Apartments pral ranplase yon kay pou granmoun ki vakan, sa ki te tonbe nan delabreman grav. Yo te demoli estrikti avan an pandan lete a epi yo pral

ranplase li avèk yon batiman apatman twa etaj modèn ki ap prezante 20 inite lojman bon mache pèmanan, ke yo prevwa ki pral ouvri ane pwochèn lan.

Yo pral rezève inite yo espesyalman pou jèn ak fanmi yo ki ap fè fas ak pwoblèm sanzabri kote chèf fanmi an te dyagnostike avèk yon maladi mantal grav oswa pwoblèm toksikomani. St. Catherine's pral bay rezidan yo jesyon ka, kowòdinasyon swen, fòmasyon nitrisyonèl, devlopman mendèv, kou sou wòl paran, ak tretman sante mantal/pwoblèm toksikomani.

Pwojè a chita sou 5.6 milyon nan finansman ki soti nan Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri Eta a, ke Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta a ap jere a. Anplis de sa, yo pral bay finansman pou sèvis bon mache yo atravè Inisyativ Lojman Bon Mache Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative) Gouvènè Cuomo a. Yo te bay finansman anplis pou pwojè a atravè yon sibvansyon Otorite Devlopman Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research Development Authority) ak Fondasyon Sant pou Timoun St. Catherine lan.

**Direktè Egzekitif St. Catherine's lan, Frank Pindiak, te deklare,** "Sant pou Timoun St. Catherine fyè anpil dèske li ap bati Konplèks Apatman Lojman Bon Mache ki pi modèn rejyon an nan Albany. Lè li ouvri ane pwochèn lan, konplèks ki gen 20 inite a pral bay lojman pa sèlman pou moun ki pi vilnerab nan rejyon an, men li pral bay tou sèvis sipò ki pwomouvwa diyite moun. Konplèks North Pearl Street Apartment nou an plis pase yon batiman. Li se yon kote ki pral bati potansyèl moun".

**Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap Eta New York la, Mike Hein, te deklare,** "Sèvi bon mache yo se yon eleman enpòtan nan ede Nouyòkè ki ap fè fas ak pwoblèm sanzabri yo jwenn ak mentni establite lojman pandan lontan. The North Pearl Street Apartments pral bay nouvo espwa pou jèn ak fanmi Albany yo, pandan yo ap respire nouvo yon lavi nan yon pwopriyete ki te inaktif pandan lontan. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo dèske li te bay finansman ki nesèsè pou fè pwojè tankou sa yo vini yon reyalite".

**Senatè Neil Breslin te deklare,** "Yo bezwen anpil lojman bon mache nan Distri Kapital la, epi pa gen okenn lòt ki pi plis apwopriye pase Sant pou Timoun St. Catherine lan pou esponsòrizasyon lojman anplis".

**Manm Asanble John T. McDonald III te deklare,** "Lansman jodi a pou the North Pearl Street Apartments se bòn nouvèl lè nou konsidere gwo bezwen pou lojman abòdab nan tout rejyon nou an. Lè yo bati yo, apatman sa yo pral bay yon kote pou yo rele lakay pou 20 fanmi ki ap eksperimente pwoblèm sanzabri epi yo pral yon opòtinite pou yon nouvo depa avèk sèvis bon mache yo bezwen an. Sa se yon pwojè enklizif ak pasyonan epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo, Sant pou Timoun St. Catherine lan ak tout lòt yo ki enplike nan fè devlopman sa a vini yon reyalite".

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare,** "Pandan pandemi COVID-19 la ap kontinye a, popilasyon ki pi vilnerab, ki pi anba risk nou yo ak manm sosyete nou an pral kontinye afekte tou yon fason dispwopòsyonèl. Ijans sante mondyal aktyèl la te frape popilasyon sa yo pi rèd - pandan li ap devaste sèvis bon mache ak lòt pwogram bon mache yo nan pwosesis la. North Pearl Street apartments, ki gen ladan swen sante, sèvis konsèy, sipò sante mantal, ak asistans pou anplwa, pral ede transfòme lavi sila yo ki ap eksperimente pwoblèm sanzabri ak lòt fanmi ak jèn ki nan bezwen sèvis bon mache yo - epi mwen remèsye divès antite piblik ak prive yo dèske yo te investi yon fwa ankò nan kominote nou an".

**Direktè Konte Albany, Daniel P. McCoy, te deklare,** "COVID-19 la te ogmante pwoblèm sanzabri a, pwoblèm depandans ak sante mantal yo, epi sèl fason pou nou adrese yo se atravè lojman abòdab ak sèvis sosyal yo. Nouvo konplèks ki gen 20 inite sa a se yon gwo viktwa pou fanmi ki toujou ap lite pou siviv yo. Devlopman sa a pral genyen avantaj anplis nan sipòte rekiperasyon ekonomik nou an, nan asire ke menm plis rezidan ki gen divès revni rele li lakay. Mwen fyè dèske Konte Albany te kapab bay tè a pou rann pwojè sa a posib, epi mwen aplodi Gouvènè a ak St. Catherine's pou vizyon yo a".

**Majistra Albany an, Kathy Sheehan, te deklare,** "Nouvo lojman abòdab la ke yo pral rann disponib nan 543 North Pearl Street la pral ede asire ke sèvis sosyal ki kowòdone yo disponib pou sila ki ap soufri anba pwoblèm sanzabri kwonik ansanm ak difikilte fizik ak sante mantal yo. Remèsiman pou Gouvènè Cuomo, Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap Eta New York la, ak St. Catherine's pou angajman yo a nan asire lojman ki gen diyite disponib pou rezidan ki pi vilnerab nou yo".

The North Pearl Street Apartments fè pati plan senk anse ki koute 20 milya dola Gouvènè a, ki ap kreye oswa prezève 100,000 inite lojman abòdab epi ki estimile devlopman plis pase 6,600 inite lojman bon mache nan tout Eta a. Nan bati sou angajman sa a, bidjè Eta Gouvènè a ke yo adopte pou ane 2021 an te ogmante finansman pou Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri soti nan 64 milyon dola pou rive nan 128 milyon dola, gen ladan 5 milyon dola ki rezève pou lojman bon mache pou veteran sanzabri yo; 5 milyon dola pou lojman bon mache pou moun ki gen SIDA ki ap eksperimente pwoblèm sanzabri; ak 1 milyon dola pou reparasyon ki nesèsè nan abri ijans yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)